

## Dwa ak Responsabilite Pasyan

### Dwa Pasyan nan Lopital Leta Noujèze

Chak pasyan nan lopital Noujèze gen dwa swivan yo, e lopital la oswa nenpòt manm nan pèsònèl li yo pa dwe limite okenn nan dwa sa yo. Se responsabilite administratè lopital la pou li devlope ak enpleman règleman ki pou pwoteje dwa pasyan yo e pou li reponn kesyon e adrese plent ki gen rapò avèk dwa pasyan yo. Pami dwa sa yo, gen omwen dwa swivan yo:

1. Pou pasyan an resevwa swen ak sèvis sante lopital la oblije bay selon lwa N.J.S.A. 26:1-1 ak seksyon ki vin apre yo, e selon règ Depatman Sante ak Sèvis pou Moun Aje (Department of Health and Senior Services) adopte yo pou enpleman lwa sa a;
2. Pou pasyan an resevwa tretman ak sèvis medikal san diskriminasyon poutèt ras li, laj li, relijyon li, orijin natifnatal li, sèks li, preferans seksyèl li, andikap li, dyagnostik li, abiilite l pou peye, oswa sous peman li;
3. Pou pasyan an konsève ak egzès nan tout mezi posib, tout dwa konstitisyonèl, sivil, ak legal ki fè patide dwa li genyen yo, selon lalwa;
4. Pou yo fè pasyan an konnen non ak fonksyon tout medsen ak tout lòt pwofesyonèl swen sante kap ba l an swen dirèk. Se pou moun sa yo entwodui tèt yo oswa mete yon badj ki gen non yo make sou li pou yo sa idantifye tèt yo;
5. Pou pasyan an resevwa leplito ke posib, sèvis yon tradiktè oswa yon entèprèt ki pou fasilite komunikasyon ant limenm ak pèsònèl swen sante lopital la;
6. Pou pasyan an resevwa nan men medsen oswa praktisyen klinik li a (yo) - nan tèm ke li ka konprann - yon esplikasyon sou kondisyon medikal konplè li, sou tretman yap rekòmande a, sou risk tretman an genyen, sou rezilta yo atann yo ak sou altènativ medikal rezonab ki genyen yo. Si enfòmasyon sa a ta ka koze yon danje pou sante pasyan an, oswa si pasyan an pa kapab konprann enfòmasyon an, se pou yo esplike fanmi pwòch pasyan an oswa gadyen legal li a enfòmasyon an, e se pou yo dokimante sa nan dosye medikal pasyan an;
7. Pou pasyan an bay konsantman eklere, alekri anvan kòmansman pwosedi oswa tretman ki pa ijan e ke yo espesifye yo, sèlman apre yon medsen oswa yon klinisyen te esplike - an tèm ke pasyan an ka konprann - detay espesifik sou pwosedi oswa tretman yap rekòmande a, sou risk ki genyen yo, sou dire enkapasite ki ka prezante a, ak sou nenpòt altènativ medikal rezonab pou swen ak tretman. Se pou règleman ak pwosedi lopital yo byen presize pwosedi ki mande konsantman eklere, alekri a. Si pasyan an pa kapab bay konsantman eklere l alekri, se pou yo chèche gen konsantman an nan men fanmi pwòch pasyan an oswa gadyen legal li, oswa atravè yon direktiv alavans, depi lalwa otorize sa. Si pasyan an pa bay konsantman l alekri, se pou yon medsen oswa yon klinisyen make yon esplikasyon nan dosye medikal pasyan an;
8. Pou pasyan an refize medikaman ak tretman selon sa lalwa otorize e se dwa l pou yo enfòmè l sou konsekans medikal desizyon sa a ka genyen;
9. Pou yo enkli pasyan an nan rechèch eksperimental sèlman lè li bay konsantman eklere l, alekri pou li patisipe nan jandè rechèch sa a, oswa lè yon gadyen legal bay konsantman sa a pou yon pasyan ki nan yon eta enkapasite, selon lalwa ak règleman ki etabli yo. Pasyan an ka refize patisipe nan rechèch eksperimental, ki gen ladan l ankèt sou nouvo medikaman ak aparèy medikal;
10. Pou yo enfòmè pasyan an si lopital la otorize lòt enstitisyon swen sante ak enstitisyon edikatif pou yo patisipe nan tretman pasyan an. Se dwa pasyan an tou pou li konnen idantite ak fonksyon enstitisyon sa yo, e li ka refize pou kite yo patisipe nan tretman li;
11. Pou yo enfòmè pasyan an sou règleman ak pwosedi lopital yo ki konsène metòd pou sove lavi ak itilizasyon mekanis pou kenbe li vivan oswa pou sispann mekanis sa yo. Se pou règleman ak pwosedi sa yo, aladispozisyon pasyan an, fanmi l oswa gadyen legal li ak piblik la, san pèdi tan, sou yon fòm ekri, lè moun sa yo mande sa;
12. Pou medsen tretan an ak lòt pwofesyonèl ki bay sèvis swen sante yo enfòmè pasyan an sou nenpòt kondisyon pou swen sante kap kontinye nesèsè apre pasyan an egzeyate lopital la. Se dwa pasyan an tou pou li resevwa asistans nan men medsen an ak pèsònèl lopital apwopriye a pou fè aranjman pou swen swivi apre egzeyat;
13. Pou yo bay pasyan an ase tan anvan egzeyat la pou li fè aranjman pou bezwen swen sante apre li fin entène lopital;
14. Pou lopital la enfòmè pasyan an sou nenpòt pwosesis pou fè yon demann pou ale annapèl ki se yon dwa pasyan an genyen dapre lalwa;
15. Pou yo transfere pasyan an nan yon lòt enstalasyon sèlman poutèt youn nan rezon swivan yo, e se pou yo anrejistre rezon sa a nan dosye medikal pasyan an;
  - i. Lopital kote yap transfere l la pa anmezi pou l bay tip oswa nivo swen medikal ki apwopriye pou bezwen pasyan an genyen yo. Se pou lopital la fè yon efò touswit pou l avize medsen prensipal pasyan an ak fanmi pwòch li, e se pou li dokimante ke yo te resevwa avi yo; oswa
  - ii. Se pasyan an ki mande pou yo transfere l, oswa se fanmi pwòch oswa gadyen legal la ki mande transfè a lè pasyan an gen yon enkapasite mantal oswa li nan yon eta enkapasite;
16. Pou yon medsen bay pasyan an yon esplikasyon sou rezon ki fè yap transfere li nan yon lòt enstalasyon, pou medsen an ba li enfòmasyon sou altènativ ki genyen olyede transfè a, pou medsen an ba li yon verifikasyon sou akseptasyon enstalasyon kap resevwa pasyan an bay la, e pou medsen an asire li ke mouvman ki asosye avèk transfè a pap yon risk inital pou pasyan an, detèsòt ke kondisyon medikal li ka deteryore anpil. Esplikasyon sa a sou transfè a se pou yo bay pasyan an li ak/oswa fanmi pwòch li oswa gadyen legal li a, alavans, esepite si gen yon sityasyon ki menase lavi li kote li nesèsè pou yo transfere li imedyatman;
17. Pou yo trete pasyan an avèk koutwazi, konsiderasyon e ak respè pou diyite ak endividalite li;
18. Pou pasyan an pa sibi okenn abi fizik ak mantal;
19. Pou pasyan an pa sibi okenn kontrent, amwenske yon medsen otorize sa pou yon peryòd tan limite pou pwoteje pasyan an oswa zòt kont blesi oswa domaj;
20. Pou pasyan an gen entimite fizik li pandan tretman medikal yo ak lè lap okipe ijyèn pèsònèl li, tankou lè lap benyen epi sèvi ak watè a, amwenske pasyan an bezwen asistans pou rezon sekirite li. Se pou yo respekte vi prive pasyan an tou pandan lòt pwosedi swen sante ak lè pèsònèl lopital la ap diskite sou ka pasyan an;

21. Pou yo trete enfòmasyon sou pasyan an defason konfidansyèl. Yo pa gen dwa divilge enfòmasyon ki nan dosye pasyan an bay okenn moun ki andeyò lopital la san otorizasyon pasyan an, amwenske yon lòt etablisman swen sante kote yo te transfere pasyan an bezwen enfòmasyon an, oswa amwenske lalwa, yon kontra avèk yon tyès pati pou peman, yon evalyasyon kolejyal medsen, oswa Depatman Sante nan Leta Noujèze (New Jersey Department of Health) egzije ak pèmèt divilgasyon enfòmasyon an. Lopital la ka divilge done sou pasyan an pou etid ki gen estatistik global depi yo kache idantite pasyan an;

22. Pou pasyan an resevwa yon kopi tarif peman lopital la, kèlkeswa sous peman an. Lè yo mande sa, se pou yo bay pasyan an oswa pati responsab la yon bòdwo detaye ak yon esplikasyon sou kòb yo chanje yo si yo poze lòt kesyon. Se dwa pasyan an oswa pati responsab la pou yo fè yon demann pou ale annapèl poutèt frè yo chaje yo. Se pou lopital la bay pasyan an oswa pati responsab la yon esplikasyon sou pwosedi pou swiv yo, pou li fè demann sa a pou ale annapèl;

23. Pou yo avize pasyan an alekri sou règ ak règleman lopital la ki konsène konpòtman pasyan ak vizitè yo.
  - i. Patnè pasyan an ki nan yon inyon sivil avèk li, ak/oswa patnè domestik pasyan an, dwe gen menm privilèj vizitasyon ke mari/madanm pasyan an genyen antanke vizitè.
  - ii. Yon etablisman swen sante pa dwe egzije pou pasyan an oswa patnè pasyan an ki nan yon inyon sivil avèk li, oswa patnè domestik pasyan an, prezante prèv sou eta sivil yo kòm yon kondisyon pou jwi de privilèj vizitasyon, amwenske etablisman swen sante a nan menm sityasyon yo, egzije pou pasyan ki marye yo oswa pou mari/madanm yo prezante prèv sou eta sivil yo.
  - iii. Se pa pou yo refize oswa diminye sou privilèj vizitasyon yo poutèt ras, kwayans, koulè po, orijin natifnatal, zansèt, laj, eta sivil, oryantasyon afektif oswa oryantasyon seksyèl, kondisyon famiyal, andikap, nasyonalite, sèks, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, oswa sous revni legal.
  - iv. Yo ka limite vizitasyon yo nan sikonstans medikal ki apwopriye oswa baze sou desizyon klinik yon pwofesyonèl swen sante ki responsab swen pasyan an, pran;

24. Pou pasyan an gen aksè san pèdi tan a enfòmasyon ki nan dosye medikal li, amwenske yon medsen entèdi jandè aksè sa a poutèt li ka mete sante pasyan an andanje, e se pou medsen an esplike rezon an nan dosye medikal la. Nan ka sa a, se dwa fanmi pwòch pasyan an oswa gadyen legal la pou li gade dosye a. Dwa sa a aplike toujou menm apre pasyan an egzeyate de lopital la, e toutotan lopital la gen yon kopi dosye a;

25. Pou pasyan an gen yon kopi dosye medikal li, a yon frè rezonab, sou 30 jou apatide dat li mande lopital la sa alekri. Si yo pa rekòmande pou pasyan an gen aksè a dosye l poutèt rezon medikal (dapre sa yon medsen dokimante nan dosye medikal pasyan an), se pou yo pèmèt yon reprezantan pasyan an ki gen otorizasyon legal oswa medsen pasyan an, pou yo gen aksè nan dosye medikal la;

26. Pou pasyan an ka itilize yon espas endividyèl pou l mete zafè pèsònèl li nan chanm kote l ye a. Si pasyan an pa ka responsab pou zafè pèsònèl li yo, se pou gen yon sistèm anplas pou pwoteje pwopriyete pèsònèl pasyan an jiskaske pasyan an oswa fanmi pwòch li a ka responsab atik sa yo;

27. Pou yo bay pasyan an yon rezime dwa pasyan sa yo, jan Depatman Sante nan Leta Noujèze (New Jersey State Department of Health) apwouve yo, e pou ba li nenpòt lòt règleman ak pwosedi lopital la etabli ki gen rapò avèk dwa ak responsabilite pasyan yo. Rezime sa a dwe gen ladan l, non ak nimewo telefòn manm pèsònèl lopital la ke pasyan an ka kontakte pou li pote plent sou vyolasyon posib dwa l yo. Se pou yo bay rezime sa a nan lang natifnatal pasyan an, si 10 pousan oswa plis moun ki nan zòn sèvis lopital la pale lang sa a. Anplisdesa, se pou yo afiche yon rezime dwa pasyan sa yo, jan Depatman Sante nan Leta Noujèze apwouve l la, yon kote ki byen vizib nan chanm pasyan an ak nan kote piblik nan tout lopital la. Ap gen kopi konplè sou-chapit sa yo kap disponib nan pòs enfimiyè yo ak nan lòt zòn anrejistremant pou swen pasyan nan lopital la pou pasyan yo ak fanmi oswa gadyen legal yo ka revize;

28. Pou pasyan an prezante plent li yo bay manm pèsònèl lopital la deziyen pou reponn kesyon oswa adrese plent ki konsène dwa pasyan yo e pou l resevwa yon repons a plent li yo nan yon tan ki rezonab. Lopital la dwe bay chak pasyan oswa gadyen legal, non, adrès ak nimewo telefòn ajans gouvènmantral kote pasyan an ka pote plent ak poze kesyon, ansanm avèk Liy Telefòn Depatman Sante nan Noujèze genyen pou pote plent (New Jersey Department of Health Complaint Hotline) nan 1-800-792-9770. Se pou yo afiche enfòmasyon sa a tou nan kote piblik ke tout moun ka wè nan tout lopital la;

29. Pou yo ede pasyan an jwenn asistans piblik ak benefis swen sante prive ke li ka gen dwa pou li resevwa. Sa gen ladan l pou yo avize yo ke yo endijan oswa ke yo pa kapab peye e ke yo ka elijib pou asirans kouvri yo, e pou yo resevwa enfòmasyon an ak lòt asistans ki nesèsè pou kalifye e pou anrejistre pou benefis oswa ranbousman;

30. Pou pasyan an siyen kontra dirèkteman avèk yon enfimiyè pwofesyonèl otorize e ki lisansye nan Noujèze ke li chwazi pou resevwa swen enfimiyè pwofesyonèl prive pandan li entène lopital la. Enfimiyè pwofesyonèl otorize sa a ki siyen kontra a dwe respekte règleman ak pwosedi lopital la ki konsène pwotokòl tretman, ak règleman ak pwosedi yo, depi kondisyon sa yo menm pou enfimiyè prive ak enfimiyè salarye regilye. Lopital la, depi yo mande l sa, dwe bay pasyan an oswa moun pasyan an deziyen an yon lis rejis sou asosyasyon enfimiyè pwofesyonèl lokal ki pa pou pwofi, ki refere enfimiyè pou swen enfimiyè pwofesyonèl prive; e

31. Pou pasyan an atann aske li resevwa e pou li resevwa evalyasyon, jesyon ak tretman doulè ki apwopriye nan kad swen l lan, selon lwa N.J.A.C. 8:43E-6

#### Ou ka kontakte kote sa a si ou gen nenpòt kesyon oswa plent:

- Reprèzantan Pasyan nan University Hospital, ki sitiye nan University Hospital, 150 Bergen Street, room C-242, Newark, New Jersey 07101. Telefòn: (973) 972-6410.
- Depatman Sante nan Noujèz (NJ Department of Health). Liy asistans pou pote plent: (800) 792-9770. Adrès: NJ Department of Health, Division of Health Facilities Evaluation & Licensing, PO Box 367, Trenton, NJ 08625-0367.
- Komisyon Miks (The Joint Commission). Imèl: [complaint@jointcommission.org](mailto:complaint@jointcommission.org). Adrès: Office of Quality Monitoring, The Joint Commission, One Renaissance Blvd, Oakbrook Terrace, Illinois 60181.